




Ebyen... Ou vle pataje Jezi? Gid Lidè a

SERI ANSEYMAN DISIP JÈN KWAYAN AN



Ebyen... Ou vle pataje Jezi? Gid Lidè a

Lekriti: "...lè sa a, n'a sèvi m' temwen nan Jerizalèm, nan tout peyi
Jide ak nan tout peyi Samari, jouk nan dènye bout latè"
(Travay 1: 8b).

Objektif: Objektif Gid Lidè sa a se pou ba ou resous debaz yo pou w'
kreye yon anviwònman aprantisaj, ansanm ak ti liv
Ebyen...Ou vle pataje Jezi? Sa k'ap ankouraje timoun yo
dekouvri kijan yo kapab temwaye ak konstwi nan yo dezi
pou yo vin yon temwen pou lafwa yo nan relasyon yo ak lòt moun.

Lis Resous yo

- Ebyen... Èske ou vle pataje Jezi? Feyè elèv ak gid lidè a.
- Bib la
- Glòb oswa kat mond lan
- Lèt bay paran yo (kolòn etwat, p. 5)

Nòt:

Yon nòt osijè de Temwaye

Ti liv sa a fèt pou bay timoun ki nan laj elemantè yo yon entwodiksyon solid sou mòd lavi yo dwe genyen pou yo pataje lafwa yo. Otè ki espere ke kominikatè a pral itilize materyèl sa a nan yon anviwònman aprantisaj k'ap pral ankouraje entèraksyon ak aktivite pratik. Kòm ou li nan gid sa a panse ak mwayen efikas ke ou ka kominike materyèl sa pou ke timoun yo kapab jwenn yon pasyon pou temwen ak yon plan pou yo fè sa. Pran prekosyon ak risk ki genyen nan sijè sa a yo epi ou dwe pare w' pou w' fòse timoun yo epi angaje yo aktivman konsa ke mwens pwofesè a pale epi gen plis fasilite pou dekouvèt.

Poukisa Timoun yo ta dwe Aprann pataje Jezi?

Depi temwayaj se yon estil lavi li pa ta dwe rete pou edikasyon granmoun. Olye de sa, li ta dwe prezante nan ane klas elemantè timoun yo k'ap devlope relasyon yo deyò fanmi nikleyè yo. Kòm relasyon sa yo grandi ak enpòtans sa fè opòtinite pou enteryorizasyon nan valè pou pataje Jezi ak lòt timoun parèy nou yo.

Poukisa ti liv sa a ak lòt resous yo ta dwe itilize?

Kouman yo itilize gid sa a:

Leson sa yo kapab bay youn pa youn, oswa pou yon klas. Gid sa a prepare pou ede moun k'ap anseye / antrene yon klas disip, men w' ka adapte si leson yo t'ap anseye youn pa youn.

Prepare w' nan fè lekti materyèl yo sijere yo ak enfòmasyon ki nan entwodiksyon an. Konplete ti liv, Ebyen... ou vle bay Bondye? Anvan w' anseye timoun yo li. Sa ap ede w' prepare w' pou kesyon ki kapab soulve pandan sesyon klas la. Kreye yon anviwònman ki ouvè. Kite timoun yo poze nenpòt kesyon yo ka genyen.

Si pastè a pa anseye klas sa a, envite l' vin kanpe epi pataje yon istwa sou yon eksperyans temwayaj anpremye.

Ou ka vle anseye klas sa a nan yon sèl sesyon (tankou yon Samdi OSWA Dimanch maten) oswa divize l' an de sesyon (sesyon 1 ale atravè tout materyèl la ak sesyon 2 pratike).

Pran plezi. Mete gason sou ou. . Ou fè pati de yon evènman esprityèl enpòtan nan lavi timoun yo nan klas ou konsa se pou ou byen kontwole materyèl la.

Jis tankou yon sòlda bezwen inifòm kòrèk ak ekipman nan chan an, se konsa yon timoun ki gen zouti kòrèk ka aprann klèman fè pwoklame lafwa yo epi pataje lanmou Jezi. Yon fwa ankò, ti liv sa a te fèt pou l' te youn nan plizyè zouti yo te itilize pandan yon leson / ti gwoup / prezantasyon ki pral angaje timoun k'ap gen plizyè estil aprantisaj. Sa a tou kapab itilize nan kay kòm paran anseye pitit yo sa temwen vle di.

Kisa Temwen an ye vrèman?

Yon temwen vle di kapab pataje yon bagay nan sa ou te wè ak tandè. Kwayan legliz primitiv yo te pran Gran Komisyon an nan Matye 28: 19-20 literalman vle di ke chak kwayan jèn ak granmoun ki espere pataje lafwa yo atravè yon kont pèsònèl. Se genyen kapasite sa a pou pataje yon kont pèsònèl ki se esans yon temwen.

Daprè listwa, kwayan te konn itilize nenpòt ki metòd kominikasyon ke yo te gen aksè. Atizana, teyat, teknoloji, pawòl, tout se fòm kominikasyon lèzòm. Natirèlman, pi gwo nan tout bagay sa a yo se konpòtman nou.

Parabòl granmoun lontan di se vre: aksyon pale pi fò pase pawòl yo. Se konsa, lè w'ap anseye konsèp temwayaj ou vle mete aksan pou w' moutre ke yon temwen epi pataje Jezi ta dwe:

- Pèsònèl
- Kreyatif
- Moutre ou amikal
- Pozitif epi koul

Pasaj biblik yo pou pataje Jezi:
Li pasaj sa yo pandan w ap
prepare w. Ankouraje timoun yo
li pasaj sa yo.

- Matye 28: 19-20
- Travay 1:8
- 2 Korentyen 5:20
- Efezyen 2:10
- Filipyen 2:4
- 1 Timote 4:12



Leson an

Entwodiksyon

Si ou pa t' deja fè sa, bay chak patisipan yon kopi ti liv la, Ebyen... ou vle pataje Jezi?

Di yo konsa, Jodi a nou pral pou travay ansanm pou nou dekouvri kijan yo pataje Jezi avèk lòt moun. Sa a se yon fason espesyal ke nou kapab swiv plan Bondye pou lavi nou. Pati ki pi bèl la se ke nou chak pral gen yon fason inik pou n' pataje lafwa nou nan Jezi.

Fè kopi lèt epi voye lakay paran yo nan fen leson an pou w' di yo jan ou koumanse sijè sa a epi travay ak timoun yo.

Eskiz ...

Paj 2-3 nan *Ebyen... ou vle pataje Jezi?*

Revize paj 2 ak 3 nan ti liv la. Si ou pa t' deja fè sa anvan sesyon an, distribye yon kopi Ebyen... ou vle pataje Jezi? bay chak timoun.

Di yo konsa, Anpil kwayan jwenn li difisil pou yo pataje sou Jezi ak zanmi e menm manm fanmi yo. Youn nan baryè ki pi komen yo pou pataje Jezi se eskiz ke moun nan prezante.

Mande, èske w' konnen kisa yon eskiz ye? Yon eskiz se yon bagay nou di tèt nou kòm yon rezon ki fè nou pa vle fè yon bagay. Ki eskiz ou te tande kèk fwa? Fè lis eskiz ke timoun yo pataje sou yon tablo oswa tablo afich blan pou òganizasyon vizyèl la.

Trase kat liy oswa espas vid (pou ranpli pou lèt yon pawòl) sou tablo oswa afich papye blan epi pèmèt timoun yo gen tan pou yo devine ki pawòl ki dwe repons kòrèk la pou kesyon an: Ki kèk bagay ki lakòz nou prezante eskiz nou lè nou pa deside fè yon bagay?

PÈRÈZ

Mande, Ki eskiz kita pi fasil pou ou pou w' evite fè yon bagay? Ki eskiz ou te itilize pou w' te ka pa fè yon bagay fwa pase a? Sa a se te yon eskiz fasil pou itilize? Poukisa oswa poukisa non?

Divize gwoup la an twa ekip. Mande, Kisa ou panse sa vle di, se pou w' brav? (Pèmèt repons) Kisa sa vle di ou dwe yon temwen? (Pèmèt repons) Ann li sou twa mesye ki te temwen brav. Bay chak ekip yon pasaj bibliik pou yo li ansanm. Mete lektè fò yo nan chak ekip. Fè yon pòtpawòl soti nan chak ekip pou pataje repons lan pou ranpli paj

Nòt:

4 nan ti liv la epi bay yon rezime tou kout sou kisa moun nan pasaj la te bay temwayaj.

Ekip 1: Li Travay 3: 11-16.

Repons: Pyè. Pyè temwaye sou pouvwa gerizon Jezi. Mande, - Kouman Pyè te fè konnen sou pouvwa geri Jezi? (Li te wè li pou kont li. Li te konnen Jezi, li te konnen ke Li te kapab geri. Pyè geri lòt moun avèk pouvwa Jezi a k'ap travay nan li.)

Ekip 2: Li Travay 13: 26-32.

Repons: Pòl. Endirèk: Fè timoun tounen nan vèsè 16 la rezoud mistè yo rakonte nan vèsè 26-32. Pòl temwen nan lanmò Jezi a ak rezirèksyon. Mande, Kijan Pòl te kapab fè yon temwen nan lanmò Jezi ak rezirèksyon li? Kijan Pòl te konnen ke Jezi vivan? (Paul te rankontre Jezi sou wout lavil Damas epi aprann pou kont li ke Jezi vivan.)

Ekip 3: Li Travay 8: 30-35.


Repons: Filip. Filip te preche Letyopyen bon nouvèl Sali a, gremesi Jezi. Mande, Kouman Filip te fè kapab pataje sou Sali a ak yon lòt moun? (Filip te gen eksperyans Sali a pou tèt li. Li te konnen li te posib pou kwè nan Jezi, epi jwenn padon pou peche yo paske sa te pase nan lavi li.)

Aktivite volontè: Fè chak ekip, anvan yo pataje repons lan ak rès gwoup la, monte yon ti pyès teyat avèk pasaj biblik la. Konsidere li tankou yon fim ansilans oswa jwèt biblik. Ankouraje ekip yo pa sèvi ak non temwen yo pou de lòt ekip yo ka devine repons ki soti nan sèn nan.

Mande, Kisa Filip, Pòl, ananm ak Pyè te gen an komen? (Yo tout te konnen Jezi kòm Sovè ak Zanmi yo. Yo tout se te temwen brav. Yo tout te pataje sa yo te konnen ki vrè sou Jezi ak lòt moun.)

Di yo konsa, Ou gen yon chwa pou w' fè. Ou ka chwazi vin yon temwen brav tou. Si ou chwazi renmen, obeyi, ak sèvi Jezi. Si ou te rekonèt peche ou yo, mande Bondye pou li ba w' padon li, se pou w' sove ak jwenn padon pou peche ou yo - lè sa a ou gen yon responsablite. Ki responsablite li ye? (Pou pataje Jezi ananm ak lòt moun) Mwen vrèman vle ou deside si ou prè pou w' vin yon temwen brav. Mwen vle ou jwenn yon plas kèk kote nan sal sa a. Ale kote sa poukont ou. Pale ak Bondye. Priye epi mande Bondye pou l' ede vin

Nòt:



yon temwen brav nan verite ke Jezi, Pitit Bondye a, renmen nou e nou ka chwazi renmen epi swiv li. Si ou deside ou prè, avèk èd Bondye, ou dwe yon temwen brav, ekri non ou sou liy anba nan paj 4 ti liv la. Bay timoun yo apeprè 5 minit pou yo fè yon priyè pèsònèl. Apre sa, fè gwoup la tounen ansanm pou revizyon nan paj 5.

Prepare nou! Ann revize

Paj 5 nan *Ebyen... ou vle pataje Jezi?*

Fè timoun yo gade nan paj 5. Envite gwoup la ranpli sesyon revizyon sa a pandan y'ap gade nan paj endividyèl ki dèyè yo. Ankouraje timoun yo konplete repons sa yo poukont yo, epi poze kèk kesyon yo kapab genyen sou pwèn sa a.

Repons yo:

1. Eskiz
2. Ale / fè
3. Sentespri
4. Antrenè / Èd / Gid
5. Temwen

Volontè: Pèmèt timoun yo chwazi yon zanmi epi travay ansanm nan paj 5.

"Kat, Pataje Jezi"

Paj 6 nan *Ebyen... ou vle pataje Jezi?*

Anvan sesyon sa a, Fè pwòp lis ou pandan w'ap reponn kesyon yo, "Kisa Jezi te fè pou mwen? ak "Kòm yon temwen, kisa m' wè/oswa tande Jezi fè?" Fè pa ou "Kat, pataje Jezi" pandan w'ap itilize papye ak makè ak enstriksyon kolòn etwat gid lidè sa a.

Volontè, Ou ka vle bay atik siplemantè tankou papye bouyon, pèl, lakòl, riban, bouton, tiklere, elatriye. Pèmèt timoun yo kreyatif lè y'ap dekore kat ki te konplete a.

Pandan sesyon sa a: Reyini ak timoun yo. Sa a koumanse pèsyon pratik nan leson an. Di yo konsa, sa a se moman kote nou pral koumanse pale sou fason Jezi travay nan lavi nou. Nou chak gen yon istwa inik pou nou pale de pi bon zanmi nou an, Jezi. Sa a gen ladan


Ou pral bezwen papye kopi oswa papye konstriksyon ak makè pou elèv yo itilize, pou ke yo kreye plizyè kat.

Answit, sèvi ak paj 6 nan feyè a pou prepare yon kat bay yon moun ou vle pataje Jezi avèk li. Lè sa a, pliyè yon fèy kopi (oswa papye konstriksyon) nan mwatye. Sou devan kat la, fè yon foto Jezi ak tit, "Rekonèt zanmi m nan, Jezi!"

Sou bò gòch anndan kat la ekri ak dekri istwa ou, "Kisa Jezi te fè pou mwen?"

Sou bò dwat la anndan kat la ekri ak dekri istwa ou: "Kòm yon temwen, mwen te wè oubyen tande Jezi fè..."

Ankouraje timoun yo ilistre kat pa yo a pou fè istwa pèsònèl yo. Planifye pou bay kat sa a yon moun ke ou konnen bezwen konnen Jezi kòm zanmi ak Sovè. Fè plan pou pataje istwa sou ki jan Jezi te sove ou avèk moun sa a.



pi plis pase jis yon enfòmasyon sou li. Li gen ladan l' jan nou konnen Jezi kòm yon zanmi ak Sovè.

Fè timoun yo tounen paj 6. Eksplike yo ke paj sa a fèt pou chak timoun itilize li kòm yon planifikatè pou fè yon pèsònèl, inik "kat, pataje Jezi". Moutre "Kat, Pataje Jezi" ke ou te fè anvan sesyon an. Eksplike direksyon yo. Ede timoun yo konprann ke kesyon yo nan ti liv elèv yo nan paj 6 yo se gid kesyon pou ke sa ki nan kat la se yon bagay pèsònèl epi siyifikatif nan lavi yo ak lavi moun yo chwazi pou yo pataje Jezi a. Mete aksan sou sa pou w' moutre ke sa a se moman pou n' pale sou bagay pèsònèl nan istwa Sali yo. Fè yo sonje ke genyen ladan yo bagay yo te temwaye de pwòp lavi yo ak lavi lòt moun ki konfime konesans yo nan Jezi, pitit Bondye a.

Pataje istwa ou ak enfòmasyon ou te mete nan kat ou. Ede timoun yo reflechi sou lide pou mete kat yo a. Ba yo tan pou yo kreye pwòp kat pa yo. Lè timoun yo fin konplete kat yo, kite timoun ki enteresan yo moutre epi pale de kat yo a nan gwoup la. Di yo konsa, ekri istwa nou an ede nou konnen kisa pou nou di lè n'ap temwaye avèk fòs konviksyon bay lòt moun sou fason nou konnen ak renmen Jezi.

Aktivite volontè, Apre timoun yo fin kreye "kat, pataje Jezi" divize yo 2 pa 2. Fè chak timoun sèvi ak kat li te kreye a pou pale de Jezi ak kamarad li a. Sa a se yon bon pratik pou pale de Jezi ak lòt moun. Di yo konsa, plis ou pale de pi bon zanmi ou lan, Jezi, plis alèz w'ap pataje Jezi avèk lòt moun. Ou ka pale de Jezi ansanm ak fanmi, zanmi. Sa a se yon gwo kote pou w' koumanse pataje!

Plan pataj mwen ...

Paj 7 nan Ebyen ... ou vle pataje Jezi?

Fè timoun tounen nan paj 7 nan ti liv la, Ebyen... ou vle pataje Jezi? Di yo konsa, kounye a, ou prè pou w' vini ak yon plan pou w' pataje lafwa w'. Ann fè yon ti gade etap pou plan sa a.

Revize etap sa yo nan ti liv la.

Etap 1:

Di yo konsa, Panse ak twa moun (manm fanmi ouwa zanmi ou konnen) ke ou vle pale ak yo de Jezi. Bay ase tan pou timoun yo panse ak lapriye sou non yo dwe mete nan lis yo a. Enprime yon non pou chak liy nan ti liv ou a.

Pafwa lè ou pataje bon nouvèl la, pi bon zanmi ou la, Jezi, moun ke w'ap pale a vle konnen ki jan Jezi kapab vin pi bon zanmi ou. Ou kapab itilize AKR senp sa yo pou w sonje kijan ou ka ede lòt moun sove tèt yo epi chwazi swiv Jezi tou!

AKR Sali a

A-Admèt ou te peche. (Sa vle di ou konnen ke ou te fè mal ak dezobeyi Bondye.)

Ou bezwen di Bondye sa ou te fè a, ke ou regrèt, epi w'ap sispann. (Li Women 3:23 ak 1 Jan 1: 9)

K-Kwè Bondye renmen ou ki te voye Pitit li a, Jezi, pou delivre ou anba peche ou yo.

Mande epi resevwa padon Bondye ap ofri ou. (Li Jan 3:16 ak Travay 16:31)

R-Reklame Jezi kòm Sovè ak pi bon zanmi ou.

Di yon moun sa Bondye te fè pou ou. Chwazi renmen Bondye epi swiv Jezi. (Li Jan 1:12 ak Women 10:13)

Di yo konsa, ou ka itilize braslè sa. A-K-R la kapab ede w' sonje kijan yo pataje plan Sali Jezi a avèk lòt moun. Pèmèt timoun yo pratike plan A-K-R la.

Etap 2:

Di yo konsa, se pou ou lapriyè pou chak moun ki nan lis ou a. M' pral louvri lapriyè a. Apre nou fin lapriyè ansilans pou chak moun ou gen nan lis nou an. M'ap fèmen lapriyè a. Sonje kounye a ke ou genyen twa non nan lis nou an, ou ka lapriyè pou twa moun sa yo chak jou. Answit, kèk fwa nan semèn sa a mwen vle pou ou pataje avèk yon paran, pwofesè, pastè, oswa lòt granmoun ou fè konfyans osijè de twa non nou yo. Mande granmoun sa pou li ede ou nan lapriyè pou twa moun ki sou lis ou a.

Etap 3:

Di yo konsa, sa a ka pran kèk tan pou reflechi ak planifye. Mwen vle ke nan de pwochen semèn yo ou panse ak yon tan ak kote ou pral pataje Jezi ansanm ak chak moun ke ou te gen sou lis ou a. (Remak: Etap sa a yo gen dwa pa fasil pou kèk timoun idantifye Ankouraje yo diskite sou sa ak paran yo oswa lòt granmoun yo fè konfyans..)

Etap 4:

Di yo konsa, ann revize zouti yo ki disponib pou ede lè w'ap pale oswa pataje Jezi ak fanmi e zanmi.

Sentespri a:

Mande: Kimoun Sentespri a ye? (Èd, Gid, elatriye) Sentespri a pral ede w' konnen kimoun pou w' pale de Jezi ak kilè pou w' pale avèk yo. Pale ak Bondye chak jou pou pataje li ak lòt moun. Rete tann epi koute. Bondye va ba ou yon "sansasyon" oswa yon "pouse" lè Li vle ou pale ak yon moun de Jezi.

Bib la:

Mande, èske ou sonje Filip ak Letyopyen an ? Filip te pataje enfòmasyon enpòtan sou Lekriti a. Ou kapab pataje vèsè biblik ou pi renmen an ak istwa biblik avèk zanmi e fanmi ou. Sa a se youn nan fason pou w' koumanse konvèsasyon sou Jezi. Ki istwa oswa vèsè biblik ke ou ta ka vle pataje avèk kèk moun? (Bay tan pou repons. Ankouraje timoun yo ekri yon vèsè referans nan ti liv yo a.)

Lapriyè:

Di yo konsa, mete tan apa chak jou pou pale ak Bondye enpòtan anpil pou pataje lafwa ou. Ou dwe rete an kontak ak pi bon zanmi lan nan

Paran, Pwofesè, oswa Pastè:

"Kat, Pataje Jezi": Fè timoun yo revize enfòmasyon yo a ki nan "Kat, Pataje Jezi". Di yo konsa, Ou ka konsève kat sa a yon kote ki enpòtan kòm yon rapèl ke ou ka pale sou fason Jezi ap travay nan lavi w' ak lòt moun. Ki kèk kote ou pral konsève kat sa a? Ou ta ka vle konsève yon kaye oswa jounal ak kat la. Lè Jezi fè yon bagay tou nèt nan lavi ou, ou ka ekri l' nan yon kaye oswa jounal epi ajoute li sou istwa w'ap pataje ak lòt moun.

Zouti efikas pou Pataje Jezi

Fè timoun yo tounen ti liv la nan paj 8 jan ou te fini sesyon an. Si w' ou gen aksè a kèk nan zouti pwisan yo sijere yo, moutre resous sa yo epi pèmèt elèv yo fè yon ti gade ladan yo.

Pale sou fason yo dwe sèvi ak boul evanjelik la oswa kib Evanjelik kòm on èd vizyèl pou ou pataje Jezi avèk lòt moun. Jan tan an ak enterè a pèmèt li, fè gwoup yo divize an ekip epi chwazi yon zouti pwisan. Fè ekip yo pratike lè l' sèvi avèk zouti yo chwazi a pou yo pale de Jezi avèk manm lòt ekip yo.

Nòt:

Mete sou yon tab plizyè zouti ki byen aksesib pou timoun yo, sa yo pral itilize pou yo pataje Jezi ak lòt moun. Si zouti sa yo pa disponib, ou dwe kreyatif epi pote kèk kopi. Asire ou ke ou itilize Bib ki fasil pou li ak devlopman ki apwopriye pou timoun yo. Gen yon varyete de Bib sou mache a ki fèt pou timoun ak jèn moun ki apwopriye pou itilize.

Resous Zouti Pouvwa:

- Bib la
- Feyè, pi bon zanmi mwen, Jezi.
- Kib Evanjelik pou Timoun yo.
- Liv koloran majik • Liv bèbè a
- DVD, Istwa Jezi pou timoun yo

Sigjesyon, vèsyon bibliik yo:

- Vèsyon Louis Segond
- Vèsyon Jerizalèm

Aktivite volontè, Fè chak timoun kreye yon braslè Sali AKR. W'ap bezwen: fisèl kwi, sizo, ak yon chaplèt A, K, ak R pou chak timoun. Gade egzanp braslè nan paj 8 nan ti liv la.

AKR Sali a

A-Admèt ou te peche. (Sa vle di ou konnen ke ou te fè mal ak dezobeyi Bondye.)

Ou bezwen di Bondye sa ou te fè a, ke ou regrèt, epi w'ap sispann. (Li Women 3:23 ak 1 Jan 1: 9)

K-Kwè Bondye renmen ou ki te voye Pitit li a, Jezi, pou delivre ou anba peche ou yo.

Mande epi resevwa padon Bondye ap ofri ou. (Li Jan 3:16 ak Travay 16:31)

R-Reklame Jezi kòm Sovè ak pi bon zanmi ou.


Di yon moun sa Bondye te fè pou ou. Chwazi renmen Bondye epi swiv Jezi. (Li Jan 1:12 ak Women 10:13)

Di yo konsa, ou ka itilize braslè sa. A-K-R la kapab ede w' sonje kijan yo pataje plan Sali Jezi a avèk lòt moun. Pèmèt timoun yo pratike plan A-K-R la.



Ebyen... Ou vle pataje Jezi? Lide pou paran yo

SERI ANSEYMAN DISIP JÈN KWAYAN AN



Ebyen... Ou vle pataje Jezi? Lide pou paran yo

Lekriti: "...lè sa a, n'a sèvi m' temwen nan Jerizalèm, nan tout peyi
Jide ak nan tout peyi Samari, jouk nan dènnye bout latè"
(Travay 1: 8b).

Objektif: Objektif Lide pou paran yo sa a se pou ba ou resous debaz yo pou
w' kreye yon anviwònman aprantisaj, ansanm ak ti liv
Ebyen... Ou vle pataje Jezi? Sa k'ap ankouraje timoun yo dekouvri
kijan yo kapab temwaye ak konstwi nan yo dezi pou yo vin yon
temwen pou lafwa yo nan relasyon yo ak lòt moun.

Chè Paran:

Mèsi paske w' kite nou jwenn avèk ou nouriti esprityèl pitit. Yon etap nan lavi esprityèl se kapasite ou genyen pou w' pataje lafwa w' ak lòt moun. Sesyon etid sou atrènman jèn disip sa a fèt pou ede pitit ou a avèk enfòmasyon, zouti, ak pratik ki nesese l'ap bezwen pou li koumanse pataje Jezi ak lòt moun byen alèz. Mwen mete fen avèk lèt sa yon kopi gid pou lidè ak ti liv la pou w' kapab genyen plis enfòmasyon. Ou ka vle kontinye aprantisaj la lakay ak pitit ou a lè w' va travay nan paj sa yo nan ti liv la ansanm. Ou kapab vle eseye sa yo tou.

Aktivite yo:

- Pataje istwa lafwa ou. Rakonte pitit ou kijan ou te vin konnen ak renmen Jezi. Asire w' ke w' mete li kòm yon pati nan istwa w' kijan Li kontinye travay nan ou epi atravè ou menm jodi a.
- Èske w' te janm pataje lafwa w' ak yon lòt moun? Kijan li te santi li? Kisa ki te repons moun nan? Pataje enfòmasyon sa a avèk piti ou a.
- Pratike! Revize AKR Sali a ak pitit ou a. Pale sou kèk nan langaj ki te itilize. Li vèsè bibliik ansanm.
- Selebri! Pase yon moman pou w' louwe lè ou menm ak fanmi w'ap selebri ansanm pou jan Bondye bon.
- Priye avèk pitit ou a pou zanmi ak fanmi ki bezwen konnen Jezi. Konsève yon jounal pou lapriye. Ekri non sa a yo nan jounal la. Priye pou moun sa a yo site non pa non chak jou. Mèsi ankò! Sonje pou ou menm avèk fanmi w' kenbe fèm nan lapriye nou yo.

Yon Pawòl Paran yo

Kòm paran, nou gen responsablite pou nou antrene timoun nou yo nan lafwa kretyen an. Pafwa, li ka sanble pi fasil pou ret tann legliz la oswa kèk lòt antite pou ba yo direksyon espiyèl, men finalman nou reyalize se nou ki responsab. Pati ki pi bon an se ke Bondye beni efò nou yo epi li bay opòtinite pou nou ede timoun nou yo grandi pi pre li.

Nan Egzòd 12: 25-27, Bondye te enstwi Izrayelit yo pou yo anseye pitit yo siyifikasyon tout sa yo te wè. Li te di yo pou yo selebre gwo jou fèt yo, sakrifis, ak selebrasyon espesyal yo, epi li te bay enstriksyon sou kouman pou yo anseye timoun yo siyifikasyon yo. Eksplikasyon sa a yo te pran plas nan tout kou nòmal nan jounen an.

Ou gen opòtinite pou w' fè zanmi ak Bondye nan devlopman espiyèl pitit ou yo. Entèraksyon chak jou ou yo ap sèvi kòm yon opòtinite pou w' pataje leson lafwa avèk pitit ou. Kesyon pitit ou a pral louvri opòtinite pou w' pataje sou lanmou Bondye a, pwòp eksperyans ou a gras Li, epi ki jan Bondye pwomèt pou l' travay nan lavi pitit ou a.

Li kapab enèvan pou w' panse ak responsablite a. Li kapab parèt tankou yon travay trè difisil, men pa enkyete w'; pwomès Bondye.

AKR Sali a

A-Admèt ou te peche. (Sa vle di ou konnen ke ou te fè mal ak dezobeyi Bondye.)

Ou bezwen di Bondye sa ou te fè a, ke ou regrèt, epi w'ap sispann. (Li Women 3:23 ak 1 Jan 1: 9)

K-Kwè Bondye renmen ou ki te voye Pitit li a, Jezi, pou delivre ou anba peche ou yo.

Mande epi resevwa padon Bondye ap ofri ou. (Li Jan 3:16 ak Travay 16:31)

R-Reklame Jezi kòm Sovè ak pi bon zanmi ou.

Di yon moun sa Bondye te fè pou ou. Chwazi renmen Bondye epi swiv Jezi. (Li Jan 1:12 ak Women 10:13)

Di yo konsa, ou ka itilize braslè sa. A-K-R la kapab ede w' sonje kijan yo pataje plan Sali Jezi a avèk lòt moun. Pèmèt timoun yo pratike plan A-K-R la.